

**PANGAJARAN MINTONKEUN PALAKU DRAMA KALAWAWAN  
NGAGUNAKAEUN MEDIA ANIMASI KA SISWA KELAS XI SMAN 1  
RANCAEKAK TAUN PANGAJARAN 2016/2017**

*ku*

**Tanti Perawati**

**RINGKESAN**

*Cumarita mangrupa wujud kagiatan lisan dina paguneman (obrolan). Nérapkeun kaparigelan nyarita ka siswa henteu gampil, utamana pangajaran pinton-an ngeunaan palaku drama. Média pilem animasi mangrupa salah sahiji media gambar hirup hasil olahan leungeun nu diproyeksikeun kalebet komputer. Patali jeung keterangan di luhur, pangarang kataji nalungtik “Pangajaran Mintonkeun Palaku Drama kalawan Ngagunakeun Media Pilem Animasi ka Siswa Kelas XI SMAN 1 Rancaekek Taun Pangajaran 2016/2017”. Rumusan masalah nu pangarang ajukeun nyaéta pangarang mampuh ngarancang, milampah, tur méré ajén pangajaran mintonkeun palaku drama kucara ngagunakeun média pilem animasi, siswa mampuh mintonkeun palaku drama kalayan diteuleuman jeung yakin ka dirina, media pilem animasi épéktip dilarapkeun kana pangajaran min-tonkeun palaku drama di kelas XI SMAN 1 Rancaekek. Padika panalungtikan anu pangarang gunakeun nyaéta quasi eksperimen (eksperimen semu), kalawan ngagunakeun teknik ulikan buku, uji cobi, paniten, tes, sareng analisa. Aya oge hasil panalungtikan na nyeta pangarang mampuh ngarancang, ngalakasnakeun, tur méré ajén pangajaran mintonkeun palaku drama kucara ngagunakeun média pilem animasi. Hal ieu tiasa dibuktoskeun tina hasil rata-rata ajén kumulatip saageung 3,75. Ajén kasebat kalebet kategori saé kalintang (A), siswa kelas XI SMAN 1 Rancaekek mampuh mintonkeun palaku drama kalayan diteuleuman jeung yakin ka dirina. Hal ieu tiasa dibuktoskeun dumasar hasil ajén rata-rata pretes saageung 49,57 sareng ajén rata-rata postes saageung 83,85 kalawan hasil ganjorna 34,28. Hasil ieu ngabuktoskeun yen pangabisa siswa ngalaman kanaekan dina diajar, kaépéktipan media pilem animasi dina pangajaran mintonkeun palaku drama. hal kasebat tiasa dibuktoskeun tina hasil balitungan statistik nyaéta  $t_{itung} \geq t_{tabel}$   $14,96 \geq 2,04$  dina tingkat kapercantenan 95% jeung darajat kabébasanna 34. Dumasar kana data jeung hasil panalungtikan di luhur, mangka kasimpulanna nyaeta panalungtikan pangajaran mintonkeun palaku drama kalawan ngagunakeun media pilem animasi di kelas XI SMAN 1 Rancaekek, parantos dilaksanakeun tur junun kalawan sae.*

*Sanggem konci: Pangajaran, Mintonkeun, Palaku, Drama, Media Pilem Animasi*